



Pou Piblikasyon Imedya: 04/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE EKLERAJ NAN MONIMAN ISTORIK YO POU MAKE MWA SANSIBILIZASYON KONT ALZHEIMER A.

Yo pral limen trèz moniman istorik an sasèl

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke moniman istorik Eta New York yo pral limen an sasèl jounen jodi 4 novanm 2021 an, pou make Mwa Sansibilizasyon kont Alzheimer a.

"Menm jan ak anpil moun, Alzheimer pèsone l anpil pou mwen," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Granpè mwen - yon imigran llandè ki te travay nan Bethlehem Steel nan Buffalo - te goumen ak maladi a nan fen lavi li. Mwa sou Sansibilizasyon sou Alzheimer a se yon moman pou nou reflechi sou sila yo k ap soufri ak maladi debilitan sa, ansanm ak fanmi yo ki tèlman pataje chaj la. Mwa sa se moman tou pou nou montre apresyasyon nou epi ede nan nenpòt fason nou kapab ewo enkoni sa yo ki devwa lavi yo pou pran swen sila ki nan bezwen yo."

Moniman istorik k ap limen an rekonesans ak Mwa Sansibilizasyon kont Alzheimer yo enkli:

- One World Trade Center
- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Kosciuszko Bridge
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Chit Nyagara (Niagara Falls)
- Pon Franklin D. Roosevelt nan Mid-Hudson
- Tèminal Grand Central (Grand Central Terminal) la - Vyadik Pershing Square (Pershing Square Viaduct) a
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- Konplèks Olenpik pou Sote Lak Placid (Lake Placid Olympic Jumping Complex)
- MTA LIRR - East End Gateway nan Penn Station

Aktyèlman la, gen plis pase 400,000 Nouyòkè ki gen laj 65 an oswa plis k ap viv ak maladi Alzheimer a. Vè 2025, yo prevwa pou kantite sa ogmante pou plis pase douz pousan, ki vle di 460,000 ki pwojte ap bezwen kèk kalite swen oswa èd. New York fyè pou ofri yon pwogram nan tout eta a ki bay yon seri sèvis kominotè konplè pou moun ki gen Alzheimer ak moun k ap bay swen yo. Asosyasyon Alzheimer a, Kowalisyon Eta New York la kowòdone Pwogram Asistans Kominotè pou Maladi Alzheimer nan chak rejyon eta a. Sèvis sa yo ap fòse retade oswa prevni plasman nan mezon retrèt epi sipòte moun ki gen Alzheimer, moun k ap bay swen, ak pwofesyonèl yo.

###

Lèt nouvèl ki disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418